

Lis Sijè yo

- I. Fason pou Enskri pou Vote
- II. Fason pou Vote an 2020
 - A. Fason pou Vote Pandan COVID-19
 - B. Vote Bonè
 - C. Fason pou Vote pa Lapòs
 - D. Fason pou Vote Jou Eleksyon an
- III. Plis Resous

FASON POU ENSKRI POU VOTE

Kijan mwen kapab enskri pou m vote?

Menm pandan pandemi Covid-19 la, gen fason ki san danje epi ki fasil pou enskri pou vote nan New York:

1. Ale sou nycvotes.turbovote.org. Si ou gen yon pyès idantite leta Depatman Veyikil-a-Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) ba ou, w ap an mezi pou enskri san pwoblèm nan sistèm sa a. Si ou pa gen yon pyès idantite DMV, ou kapab chwazi resevwa yon fòm ki deja ranpli ak yon anvlop ki gen tenm sou li yo peye deja epi ki gen adrès sou li, oswa ou kapab enprime fòm ki deja ranpli a epi voye li pa lapòs tousuit. Enskripsyon an pa p konplè toutotan ou pa voye fòm sa a pa lapòs bay Konsèy Elektoral la pou li travay sou li.
2. Ou kapab enskri tou an pèsòn nan [Konsèy Elektoral ki nan Konte](#) ou ye a, nan nenpòt biwo DMV, oswa nan yon pil [ajans ki nan Eta New York](#).

Èske mwen elijib pou m enskri pou m vote?

Pou w enskri pou vote:

- fòk ou se yon sitwayen ameriken;
- fòk ou gen 18 lane (ou ka enskri anvan lè w gen 16 oswa 17 lane men ou pa p kapab vote toutotan ou pa gen 18 lane);
- fòk ou rete nan Eta sa a ak konte a, vil oswa vilaj la pandan omwen 30 jou anvan eleksyon an;
- Fòk ou pa nan prizon oswa an libète kondisyonèl pou yon kondanasyon pou krim (sof si yo te grasye ou oswa yo te retabli dwa sitwayènte ou);
- fòk yon tribinal pa deklare ou pa byen nan tèt ou; epi
- fòk ou reklame dwa pou vote yon lòt kote.

Mwen panse m deja enskri pou m vote. Kijan m kapab konnen?

Ou kapab tcheke estati enskripsyon elektè ou [sou entènèt](#), oswa lè w rele Konsèy Elektoral la nan 866-868-3692.

Kilè mwen oblije enskri pou m vote nan eleksyon jeneral novanm 2020 an?

Dat limit pou w enskri pou vote nan New York se **9 oktòb 2020**.

Aplikasyon ou voye nan lapòs yo (ki gen fòm yo kreye atravè [platfòm NYC Votes TurboVote](#)) dwe gen tenm lapòs sou yo anvan 9 oktòb epi Konsèy Elektoral ki nan Konte ou ye a dwe resevwa li anvan 14 oktòb. Ou dwe soumèt aplikasyon sou entènèt yo atravè myDMVonline oswa an pèsòn anvan 9 oktòb. Nan New York, elektè yo dwe enskri 25 jou anvan yon eleksyon pou yo kapab vote nan eleksyon sa a. Si w ap planifye pou enskri pou vote pa lapòs, li t ap pi bon pou fè sa pi vit posib, etandone ka gen reta nan Sèvis Lapòs Etazini an.

E si mwen demenaje depi dènye fwa m te vote a?

Ou ta mete estati enskripsyon elektè ou ajou ak yon nouvo adrès oswa chanjman non avan 14 oktòb. Li senp pou fè chanjman sa yo.

- Si ou gen yon pyès idantite DMV, mete enfòmasyon w yo ajou sou [sitwèb DMV a](#).
- Si ou pa gen yon pyès idantite DMV, ale sou [nycvotes.turbovote.org](#) kote ou kapab enprime yon fòm ki deja ranpli avèk nouvo enfòmasyon w yo epi voye li pa lapòs.
- Oswa, [enprime, ranpli, epi voye yon fòm pa lapòs](#) bay Konsèy Elektoral la.
- [Konfime](#) yo te fè chanjman adrès la pandan w prale nan biwo vòt ou a.

Si yo **pa t** fè chanjman adrès la (oswa ou pa t janm soumèt li) epi ou vin rete New York, ou toujou gen dwa pou vote! Ou ka vote ak yon bilten vòt pwovizwa nan biwo vòt yo ba ou pou [nouvo adrès](#) ou a. Li aplikab pou elektè ki te demenaje nan menm konte a (pa egzanp, soti nan yon adrès Brooklyn (Konte Kings) pou ale nan yon lòt adrès Brooklyn) oswa ant konte yo (pa egzanp, soti Queens pou ale Bronx). Lè w ap vote ak yon bilten vòt pwovizwa akòz yon chanjman adrès, yo pral itilize li pou yo mete enskripsyon elektè w la ajou pou eleksyon k ap vini yo.

FASON POU VOTE AN 2020

Kijan pou m vote?

Tout rezidan New York gen twa (3) fason yo vote nan eleksyon 2020 yo. Chwazi pi bon opsyon an pou w fè yo tande vwa ou pandan pandemi an.

- **Vote Bonè**: Vote an pèsòn soti 24 oktòb rive 1ye novanm. Biwo pou Vote Bonè pa w la ka diferan ak biwo vòt Jou Eleksyon an. Kidonk, asire w tcheke anvan w ale nan Voting.NYC.
- **Vote pa Lapòs**: Tout elektè ki enskri gen dwa tou pou yo vote pa lapòs [nan mande yon bilten vòt pa korespondans](#). Dat limit lan se 27 oktòb, men nou konseye ou mande bilten w lan pi bonè ou kapab. Ou kapab make rezon an kòm “Maladi oswa andikap tanporè”, ki gen ladan risk pou trape kowonaviris la. Lè ou resevwa bilten vòt ou a, asire w [siven](#)

epi mete dat nan do anvlop bilten vòt ou an. Bilten vòt yo dwe gen tenm lapòs 3 novanm oswa anvan 3 novanm. [Ou kapab suiv bilten vòt pa korespondans ou an nan lyen sa a.](#)

- **Jou Eleksyon an:** Kòm dabitid, tout elektè ki enskri yo kapab vote an pèsòn 3 novanm. Nou prevwa ap gen anpil moun ki pral vote. Kidonk, liy yo ka long nan kèk biwo vòt. Si w pè foul moun, ou ka oblije panse pou vote bonè. [Jwenn biwo vòt pou vote Jou Eleksyon an nan lyen sa a.](#)

Kisa ki sou bilten vòt la?

Sezon otòn sa a, ap gen konpetisyon nan nivo federal, eta ak lokal:

- Prezidan
- Kongrè
- Prezidan Awondisman Queens
- Sena Eta
- Asanble Eta
- Distri Konsèy 37 Vil New York
- Lakou Siprèm Eta New York
- Tribinal Sivil Vil New York

Mwen tande yo di Madison Square Garden ak Barclays Center gen biwo vòt. Èske m kapab vote ladan yo?

Sèlman si yo se biwo vòt yo ba ou pou vote. Itilize [sitwèb rechèch biwo vòt](#) la pou konnen.

Èske pa gen danje pou m vote an pèsòn?

Vote an pèsòn lan pa gen danje toutotan ou suiv [Core 4](#) la, espesyalman si w chwazi ale lè sant vòt ou a gen mwens moun (souvan nan mitan matine a oswa nan kòmansman apremidi a). Si w kapab, kouri vote bonè pou w ka evite foul moun yo. Eta New York rann bilten vòt pa korespondans yo disponib tou pou nenpòt moun ki prefere vote lakay yo. Chwazi nenpòt sa ou pi alèz avèk li a - sa ki enpòtan an se vote!

Ki mezi m kapab pran pou m rete an sekirite pandan m ap vote?

Mete yon bagay pou kouvri figi Fòk ou gen bagay pou kouvri figi ou pou ka antre nan tout biwo vòt yo. Pwoteje moun ki ozalantou w yo epi mete yon bagay pou kouvri figi ou kòm sadwa (sou nen w ak bouch ou).

Pratike distans fizik Yo pral òganize biwo vòt yo pou fè aplike distans sosyal la. Suiv enstriksyon yo epi rete nan yon distans omwen 6 pye ak lòt moun yo pandan ou nan biwo vòt la.

Pratike bon jiyèn men Biwo vòt yo pral bay dezenfektan pou men, epi ou kapab pote pwòp dezenfektan pa ou. Itilize dezenfektan pou men anvan ak apre w fin manyen nenpòt sifas pataje epi lave men ou ak savon ak dlo tousuit lè w rive lakay ou. Evite manyen figi ou ak men ou san

lave.

Rete lakay ou si w malad Vote a enpòtan, men li pi enpòtan pou w fè mye anvan w kite lakay ou epi pou pran mezi pou ede anpeche lòt moun yo tonbe malad.

Si ou pa gen yon [bilten vòt pa korespondans](#), kontakte [biwo Konsèy Elektoral konte w la](#) pou jwenn konsèy sou opsyon vòt ou genyen yo.

To COVID-19 yo wo nan kominote mwen an. Èske pa gen danje pou m vote an pèsòn nan katye m lan?

- Sant vòt yo pral mete mezi prekosyon yo an plas pou asire aktivite vòt yo fèt an tout sekirite, kèlkeswa nivo COVID la ye nan kominote w la.
- Si w gen risk pou gen enfeksyon COVID grav (moun aje, moun ki gen sistèm iminitè afebli, oswa fanm ansent), panse pou kouri vote bonè pou w ka evite fowl moun Jou Eleksyon an.
- Si ou malad, rete lakay ou epi suiv enstriksyon ki pi wo yo pou mande yon bilten vòt pa korespondans nan lapòs (jiska 27 oktòb) oswa an pèsòn nan biwo Konsèy Elektoral minisipalite w la (jiska 2 novanm).

VOTE BONÈ

Kisa votè bonè a ye?

Vote bonè a se menm jan ak lè w vote an pèsòn Jou Eleksyon an. Gen plis souplès epi liy moun yo pi kout. Jwenn biwo vòt pou Vote Bonè a sou [Voting.NYC](#) oswa lè w rele nan 1-866-Vote-NYC.

Men kèk dat ak lè biwo vòt pou Vote Bonè yo pral louvri nan Vil New York anvan eleksyon jeneral 3 novanm lan:

Samdi	24 oktòb 2020	10:00 AM - 4:00 PM
Dimanch	25 oktòb 2020	10:00 AM - 4:00 PM
Lendi	26 oktòb 2020	7:00 AM - 3:00 PM
Madi	27 oktòb 2020	12:00 PM - 8:00 PM
Mèkredi	28 oktòb 2020	12:00 PM - 8:00 PM
Jedi	29 oktòb 2020	10:00 AM - 6:00 PM
Vandredi	30 oktòb 2020	7:00 AM - 3:00 PM
Samdi	31 oktòb 2020	10:00 AM - 4:00 PM
Dimanch	1ye novanm 2020	10:00 AM - 4:00 PM

FASON POU VOTE PA LAPÒS

Èske m oblije vote an pèsòn?

Non. Si w pa vle vote an pèsòn, ou kapab soumèt yon aplikasyon pou yon bilten vòt pa korespondans. Rezidan New York yo kapab aplike pou bilten vòt pa korespondans pou anpil rezon, tankou si yo pa p nan Konte yo a nan Jou Eleksyon an. Anplis, pou eleksyon jeneral ane sa a, rezidan New York yo kapab mande yon bilten vòt pa korespondans si yo pè pou yo pa trape oswa simaye COVID-19 la.

Kilè ak kijan mwen kapab aplike pou yon bilten vòt pa korespondans?

Ou kapab aplike pou bilten vòt pa korespondans ou a *kounye a* lè w ale sou nycabsentee.com. Dat limit pou mande yon bilten vòt pa korespondans pa lapòs se **27 oktòb**, men nou konseye w mande bilten vòt ou a tousuit. Li pran sèlman de (2) minit!

Lè w ap aplike, ou ta dwe chwazi “maladi oswa andikap tanporè” kòm rezon ou, ki gen ladan risk pou trape kowonaviris la.


[Fòm demann lan disponib tou an PDF](#) ou kapab enprime li epi voye li pa lapòs bay Konsèy Elektoral Konte w la. Fòm lan, ki sou entènèt epi an papyè, disponib nan lang Panyòl, Chinwa, Koreyen ak Bangali.

Konsèy Elektoral la di l ap kòmanse voye bilten vòt pa korespondans yo nan fen septanm. Ou kapab suiv nan ki pwen bilten vòt pa korespondans ou an ye lè w ale sou nycabsentee.com/tracking.

Ou kapab soumèt demann bilten vòt pa korespondans yo bay [biwo](#) Konsèy Elektoral minisipalite w la an pèsòn jiska 2 novanm.

Non yon lòt enprime sou anvlòp pou bilten vòt pa korespondans mwen an. Kisa pou m fè?

Anvan w voye bilten vòt pa korespondans ou an tounen, ou bezwen verifeye de (2) fwa pou wè si non w ak adrès ou enprime sou anvlòp bilten vòt pa korespondans (se anvlòp ki pi piti a ki gen yon kote tou pou siyen). Si anvlòp bilten vòt la pa gen non w ak adrès ou, PA UTILIZE LI. Konsèy Elektoral la pral voye anvlòp bilten vòt ki korije yo pa lapòs bay tout elektè erè enpresyon sa a afekte. Ou kapab kontakte Konsèy Elektoral la lè w rele nan 1-866-VOTE-NYC oswa lè w voye yon imèl bay Apply4Absentee@boe.nyc.



Byenke se yon erè nou regrèt anpil, gen anpil tan pou nou korije li. Sonje, kit w ap depoze bilten vòt ou ranpli, siyen epi kachte a kit w ap voye li pa lapòs, dat limit pou fè sa se **3 novanm** oswa anvan **3 novanm**.

Bilten vòt mwen di “Bilten Vòt Ofisyèl Pa Korespondans pou Militè”, men mwen pa nan lame. Kisa pou m fè?

Se bilten vòt ki kòrèk pou tout elektè ki absan ak elektè ki militè yo itilize. Nòmalman, gen yon ba oblik ant mo yo “Absan / Militè” [tankou sou bilten vòt eleksyon primè mwa jen sa a](#). Yo pa t mete ba oblik la fwa sa a. Menm si bilten vòt sa yo ka twouble moun, yo valid.

Kijan pou m mande yon bilten vòt pa korespondans ki aksesib?

Si ou demi avèg oswa ou gen yon andikap ki mande pou w itilize yon vèsyon aksesib pou bilten vòt pa korespondans yon aparèy lekti ki gen ekran kapab li, ou kapab ale sou nycabsentee.com.

Klike sou bouton “Aplikasyon Bilten Vòt Aksesib” la.

Pou mande yon bilten vòt aksesib, ou ka voye [fòm aplikasyon an](#) tou bay Konsèy Elektoral la sou:

- Voye yon imèl bay: AccessibleBallot@boe.nyc
- Rele nan: 1-866-868-3692
- Voye imèl bay biwo Konsèy Elektoral lokal ou a
- Voye faks bay: 212-487-5349
- An pèsòn: Ale nan [biwo](#) Konsèy Elektoral Vil New York lokal ou a.

Ou dwe mete tenm lapòs sou bilten vòt aksesib yo, voye yo pa imèl, soumèt yo sou entènèt, oswa voye yo pa faks bay Konsèy Elektoral la anvan 27 oktòb 2020. Ou kapab aplike an pèsòn pou yon bilten vòt pa korespondans jiska 2 novanm 2020.

Konsèy Elektoral la di l ap kòmanse voye bilten vòt pa korespondans yo nan fen septanm. Ou kapab suiv nan ki pwen bilten vòt pa korespondans ou an ye lè w ale sou nycabsentee.com/tracking.

Si mwen te vote pa lapòs pandan eleksyon primè mwa jen yo, èske m bezwen mande yon bilten vòt pou mwa novanm?

Wi, amwenske ou te sou yon lis elektoral pèmanan deja pou vote pa korespondans akòz yon andikap oswa maladi alontèm, ou dwe mande yon bilten vòt ankò pou novanm.

Kilè bilten yo pral voye vòt pa korespondans yo pa lapòs?

Konsèy Elektoral la pral voye bilten vòt yo pa lapòs bay elektè ki mande yo pa woulman apati 18 septanm 2020. Suiv bilten vòt pa korespondans ou an sou nycabsentee.com/tracking.

Èske mwen oblije voye bilten vòt pa korespondans mwen an pa lapòs oswa depoze li yon kote?

Si ou prefere pa voye bilten vòt ou an pa lapòs, ou gen twa (3) opsyon pou depoze li. Annik chèche bwat depo "Bilten Vòt pa Korespondans" lan:

- Nan nenpòt [biwo vòt Vote Bonè](#), ant samdi 24 oktòb ak dimanch 1ye novanm.
- Nan nenpòt [biwo vòt Jou Eleksyon](#) mèkredi 3 novanm soti 6è AM rive 9è PM.
- Nan nenpòt [biwo Konsèy Elektoral Vil New York](#) Jou Eleksyon an.

Kilè ki dat limit pou m voye bilten vòt pa korespondans mwen an?

Bilten vòt pa korespondans yo dwe gen tenm lapòs Jou Eleksyon an oswa anvan Jou Eleksyon an 3 novanm. Nou konseye w voye bilten vòt ou ranpli a pi bonè ou kapab pa lapòs pou evite li pwoblèm pa gen tenm lapòs sou li a epi pou evite li rive twò ta pou yo konte li. Yo pral konte bilten vòt pa korespondans Konsèy Elektoral la te resevwa apre Jou Eleksyon an, menm si yo pa gen yon tenm lapòs sou yo.

Kijan mwen kapab tcheke nan ki pwen bilten vòt pa korespondans mwen voye pa lapòs la ye?

Suiv demann bilten vòt pa korespondans ou te voye pa lapòs la sou nycabsentee.com/tracking. Depi w fin soumèt demann ou fè pou bilten vòt pa korespondans lan, ou kapab itilize sit la pou konfime si Konsèy Elektoral la te:

- 1) resevwa demann bilten vòt pa korespondans ou an,
- 2) voye bilten vòt pa korespondans ou an pa lapòs ba ou, epi
- 3) aksepte bilten vòt pa korespondans ou ranpli a, oswa si w bezwen korije li

Èske mwen bezwen mete tenm sou anvlop bilten vòt pa korespondans mwen an?

Wi, kontrèman ak eleksyon primè mwa jen an, ou dwe mete tenm sou anvlòp retou ki vini ak bilten vòt pa korespondans ou an!

Anvlòp retou a se pi gwo anvlòp nan de (2) anvlòp ki ap vini ak bilten vòt pa korespondans ou an epi ki ap gen adrès retou Konsèy Elektoral Konte ou ye a enprime sou li ak yon logo ki di, “Kourye pou Eleksyon Ofisyèl”.

Ou kapab depoze bilten vòt ou an tou nan nenpòt biwo Vote Bonè, biwo vòt Jou Eleksyon an, biwo Konsèy Elektoral, ki pral mande tenm.

Kijan pou m vote ak yon bilten vòt pa korespondans?

Ou pral resevwa yon bilten vòt, yon anvlòp bilten vòt ki pi piti, ak yon pi gwo anvlòp retou.

- Make chwa ou fè yo sou bilten vòt la pou chak pòs selon enstriksyon yo.
- Depi w fin make chwa w yo sou bilten vòt la, pliyè li epi mete li nan anvlòp bilten vòt la. (Gen yon anvlòp ki pi piti ki gen yon kote pou siyen.)
- Siyen epi mete dat la deyò anvlòp bilten vòt la kote yo endike a.
- Kachte anvlòp bilten vòt la.
- Mete anvlòp bilten vòt la nan anvlòp retou a (Se pi gwo anvlòp la ki gen adrès retou pou Konsèy Elektoral konte w yo epi ki gen yon logo “Kourye pou Eleksyon Ofisyèl”).
- Kachte anvlòp retou a.
- Mete tenm ki apwopriye a sou anvlòp retou a.

Kijan pou m vote ak yon bilten vòt pa korespondans ki aksesib?

- Depi yo voye bilten vòt pa korespondans ki aksesib la ba ou pa lapòs, telechaje bilten vòt la.
- Suiv enstriksyon yo pou make bilten vòt pa korespondans ki aksesib la, selon chwa ou fè pou chak pòs.
- Apre ou fin make bilten vòt ou an, enprime li.
- Pliye bilten vòt ou enprime a epi mete li nan anvlòp bilten vòt la. (Anvlòp sa a ap gen yon kote pou siyen.)
- Siyen epi mete dat la deyò anvlòp bilten vòt la. Yon siyati nenpòt kote nan do anvlòp sekirite a akseptab pou bilten vòt ki aksesib yo.
- Kachte anvlòp bilten vòt la.
- Mete anvlòp bilten vòt la nan anvlòp retou a. (Se pi gwo anvlòp la ki gen adrès retou pou Konsèy Elektoral konte w yo epi ki gen yon logo “Kourye pou Eleksyon Ofisyèl”).
- Kachte anvlòp retou a. Pou bilten vòt ki aksesib yo, anvlòp retou a gen tenm yo peye deja.

Kijan pou m vote si mwen jis vle vote Jou Eleksyon an?

Si w se yon elektè ki enskri, Jou Eleksyon an, ou kapab ale nan biwo vòt ou a ant 6è AM ak 9è PM pou ou vote. Asire ou [tcheke adrès](#) biwo vòt ou an!

Ki kote ak kilè mwen kapab vote Jou Eleksyon an?

Ou kapab jwenn biwo vòt ou a Jou Eleksyon an [nan lyen sa a](#). Biwo vòt yo louvri a 6:00 AM epi yo fèmen a 9:00 PM. Si ou rete nan Vil New York epi ou vle gade bilten vòt ou a alavans, ale sou findmypollsite.vote.nyc.

Èske mwen kapab toujou vote an pèsòn si mwen mande yon bilten vòt pa korespondans?

Wi. Lwa New York pèmèt yon elektè vote an pèsòn (nan biwo vòt yo ba li a) menm si elektè a te mande yon bilten vòt pa korespondans oswa menm si li te voye li pa lapòs. Se paske anvan yo konte nenpòt bilten vòt, yon ekip ki gen de (2) pati nan pèsònèl CBOE a nan kad yon pwosesis transparan ki gen reprezantan kandida yo, pati politik yo, ak laprès ki prezan, deside si bilten vòt la satisfè egzijans Lwa sou Eleksyon Eta New York. Youn nan premye bagay yo tcheke se si moun lan te vote an pèsòn. Si se wi, yo ap mete bilten vòt pa korespondans lan sou kote epi yo pa p konte li.

Èske mwen oblije pote yon pyès idantite?

New York pa egzije elektè yo montre yon kat idantite lè y ap vote sof nan **yon sèl sikonstans**. Si w ap vote pou premye fwa, epi ou pa t enskri pou vote an pèsòn (sa vle di, ou te enskri sou entènèt oswa nan lapòs), yo ka mande w pou montre pyès idantite **premye fwa w ap vote a sèlman**. Men bagay ou ka itilize kòm pyès idantite: lisans chofè oswa lòt kat idantite leta bay, bòdwo sèvis piblik aktyèl la, etadkont labank, chèk peman, chèk leta, oswa lòt dokiman leta ki montre non w ak adrès ou.

Si mwen vle vote an pèsòn, men mwen pa kapab itilize yon plim pou m ranpli bilten vòt papyè a, èske mwen gen opsyon?

Wi, ou kapab vini ak yon moun ki pou ede ou, ou kapab mande moun k ap travay nan biwo vòt yo ede oswa ou kapab itilize Aparèy pou Make Bilten Vòt la (“Ballot Marking Device, BMD”) pou make bilten vòt ou a nan biwo vòt la. Men, nenpòt moun ki ede w pa kapab se patwon ou ni reprezantan sendika w la.

Kisa Aparèy pou Make Bilten Vòt la ye?

Yon Aparèy pou Make Bilten Vòt, yo rele BMD yo, se yon aparèy ki kapab ede w make bilten vòt papyè w la epi li fèt pou pèmèt elektè kenbe sekre vòt yo a nan biwo vòt yo a epi li fè biwo vòt la aksesib pou yo.

Èske mwen kapab itilize yon Aparèy pou Make Bilten Vòt?

Wi. Tout elektè, menm elektè ki gen andikap yo, gen dwa itilize yon Aparèy pou Make Bilten Vòt pou yo make bilten vòt yo. Yo itilize BMD sèlman pou make bilten vòt papyè; ou dwe eskane bilten vòt ki make a nan aparèy kontaj la pou vote. Moun k ap travay nan biwo vòt yo kapab ede [elektè yo itilize BMD yo](#).

PLIS RESOUS

E si mwen gen plis kesyon?

Ou dwe asire w yo konte vòt ou a. Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid sou fason pou vote yo poko reponn nan dokiman sa a, kontakte òganizasyon sa yo pou jwenn èd.

Konsèy Elektoral Vil New York

<https://www.vote.nyc/>

866-VOTE-NYC

Konsèy Elektoral New York: <https://www.elections.ny.gov/>

Lig pou Vòt Elektè Fanm yo (League of Women Voters Vote): 411 <https://www.vote411.org/>

Vòt Vil New York yo (NYC Votes): www.voting.nyc

Dwa Moun Ki Gen Andikap (Disability Rights), New York: <https://www.drny.org>